



Pou Piblikasyon Imedya: 06/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU YO FLOTE DRAPO YO A DEMI MA POU SÒLDA KI TE TONBE A

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pase enstriksyon jodi a pou drapo yo flote a demi-ma nan tout batiman gouvènman Eta yo pou onore yon sòlda Fort Drum ki te mouri an Afghanistan nan dat 3 jiyè a.

Sp. Vincent Sebastian Ibarria, ki gen laj 21 ane, te mouri nan yon aksidan kote yon veyikil te chavire avèk li nan Farah, Afghanistan. Gen ankèt ki ap fèt sou ensidan sa a. Ibarria te fè pati 2yèm Batayon, 22yèm Rejiman Enfantri, Premye Brigad Ekip Konba a. Li te fèt nan San Antonio, Texas.

"Nan non tout Nouyòkè yo, mwen etann priyè mwen ak kondoleyans mwen bay fanmi, pwòch ak kanmarad sòlda Sp. Vincent Ibarria yo ki deplwaye nan Fort Drum", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou tris anpil akòz pèt li a epi nou ap rejwenn sòlda yo, fanmi, ak zanmi yo nan onore sèvis li pou nasyon nou an."

Yo kenbe drapo yo nan Eta a demi-ma kòm omaj ak viktim pandemi COVID-19 yo.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)